ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№68 (24.204) ● 2021 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 10, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ къэралым и Правительствэм Урысейм туризм Іэнатіэм зыщегъэужьынымкІэ и комиссэм и зэІущІэм

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ УФ-м и Правительствэм Урысейм туризм Іэнатіэм зыщегъэужьынымкІэ и комиссэм видеоконференц зэпыщІэныгъэ мардэм тету мэкъуауэгъуэм и 8-м къызэригъэпэща зэІущІэм. Ар иригъэкІуэкІащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщім и къудамэ Чернышенкэ Дмитрий.

«ТУРИЗМЭМРЭ хьэщІэ егъэблагъэхІэм пыща индустриемрэ» лъэпкъ проектыр, вице-премьерым мы гъэм мэлыжьыхым къыхилъхьар, гъэзэщІэным ехьэлІауэ ирагъажьэ лэжьыгъэшхэм и пэщІэдзэу щытащ Правительствэм и зэІущІэр. Лъэпкъ проектыр федеральнэ проектищу зэхэтщ: «Туризмэм и инфраструктурэм зегъэужьынымрэ», «Туризмэм и Іуэхутхьэбзэхэр псоми зэхуэдэу къагъэсэбэпыфу щытынымрэ», «Туризм Іэнатіэм ехьэлІа унафэр зэрызэрагъакІуэ щыкІэр егъэфІэкІуэныр». Лъэпкъ проектыр гъэзэщІэным 2021 гъэм къыщыщІэдзауэ 2024 гъэ пщІондэ трагъэкІуэдэну яубзыхуащ сом мелард 826,41-рэ.

Урысейм и туризм Іэнатіэм, экспертхэм къызэралъытэмкІэ, иджыри къэс хуэфэщэн гулыитэ зымыгъуэтам, зэдэууэ зетъэужьыным хуэунэтІа жэрдэмыр ядиыгъащ Урысейм и Президент Путин Владимир. Лъэпкъ проектыр зэхалъхащ Правительствэм и Унафэщі Мишустин Михаил пщэрыльэ зэращищам ипкъ иткІэ.

Чернышенкэ Владимир зэрыжиІамкІэ, унэтІыныгъэщэм и лэжьыгъэм щынэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ Іэнатіэм щылэжьыну инвесторхэр абы къыхэзыІэныр. Щыналъэхэм тхьэмахуитІ якуКІэрэ къагъэлъэгъуэн хуейщ зэфІагъэкІахэр, адрей лъэпкъ проектхэм зэрыщыгъуэвам ещхьу, апхуэдэ отчётхэм зэрыкІуахэм япкъ иткІэ зохагъэувэнущ нэхъ жыджэру лэжьакъэ къэзыгъэнаІуэ рейтингыр. Чернышенкэ къыхигъащащ инвестицэ проектхэр щыщхьакъэкІэ лъэныкъуэ псори зэпэлъытын зэрыхуейр, инфраструктурнэ Іэмалу щыІэр, щыналъэхэм абы зэрызыщІагъэкъуэфынур. ПроектыщІэр щагъэзащІэкІэ щыналъэхэм я унафэщІхэм лэжьыгъэр зэтеухуэныкІэ я пщэ къыдэхуэну къалэнхэр зыхуэдэнури къагъэнэІуащ.

ТуризмэмкІэ къэрал агентствэм и унафэщІ Догузовэ Заринэ и гугъу ищІащ туризм Іэнатіэм къыщыбгъэсэбэп хуну инвестиционкэ, технологие Іэмалыщіэхэм. Къапщтэмэ, дунейпсо туризт класым хуэкІуэ хьэщІэщыщхуэхэр ухуэным теухуа проектхэр щагъэзащІэкІэ ягъуэтыну инвестицэ дэІепыкъуныгъэхэм, апхуэдэуи туристхэр зыхьэныкъуэхэмкІэ къалэхэм къыщыхэгъэпэщыныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм, къалэкъум турист код иІэным теухуа проектым яхутепсэлъыхьащ. Щыналъэхэр хьыхэ хъунущ проект, мастер-план нэхъыфІхэр къыщыхахыну зэпеуэжам икІи а унэтІныныгъэхэмкІэ грантхэр къахьыни хуитщ. Абыхэм щыхэплъэкІэ, псом япэ ирагъэщынур туризм Іуэхутхьэбзэр цІыху нэхъыбэм къагъэсэбэпыфу щытынырщ икІи ар пІалъэ кІыхькІэ лэжьэнырщ: рекреацэ ухуэныгъэхэр ийэсым къыриубыдэу мазибл нэхърэ мынэхъ мащІэкІэ лажьэн хуейщ. Лъэпкъ проектыр гъэзэщІэным къыхихьэну инвесторхэм я щІэгъэкъуэн нэхъыщхьэу щытынухэм ящыщщ «Туризмэмрэ хьэщІэ егъэблагъэкІэм пыща индустриемрэ» лъэпкъ проектыр пхыгъэкІыным къыхуэзрагъэпэща къэрал корпорацэм «зы щхьэгубжэ» мардэм тету дзлэжьэныр, проектхэр пхыгъэкІыным теухуа Іуэху псори щІэгъэхуэбжьауэ зэфІэгъэкІыныр. Апхуэдэуи «Ростуризм»-м и унафэщІым къыхигъэщащ Іэнатіэм и лэжьэкІэм теухуа хьыбархэр зэбгрегъэхыным, ІэщіагъэлІхэр гъэхьэзырыным, туризмэм и лІэужьыгъуэ псоми цІыхухэм щагъэуэтыну Іуэхутхьэбзэхэм я мардэр зэхэлъхьаным хуэгъэзэ Іуэхушхуэ къаэзырыпэщытыр.

Зэ1ущІэм щызэпкърах Іуэхум теухуауэ абы къыщыпсэлъащ УФ-м хуэунэгъэмрэ псэуплІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и къудамэ Гордеев Юрий, «Корпорация Туризм.РФ» акционер зэгъэхьныгъэм и генеральнэ директор Суханов Сергей.

Къэбэрдей-Балъкъэрым пандемием и зэранкІэ 2020 гъэм туристхэр нэхъ мащІэ щыхъуами, дызэрыт илъэсым зэрыщІидзэрэ республикэм зыщызыгъэпсэхуну хуейуэ къаКІуэхэм я бжыгъэм хохъуэ. Къапщтэмэ, 2021 гъэм и яп3 мазищым Іуащхьэмахуэ лъапэ бгы къежжьыпІэхэм щыІащ турист мин 220-м нэблагъэ. Ар коронавирусым зиубгъун щІидзэным и пэ кІихуэ 2019 гъэм елъытауэ процент 38-кІэ нэхъыбэщ.

Туризм Іэнатіэм зегъэужьыныр республикэм и экономикэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. УФ-м и Правительствэм Іуащхьэмахуэ лъапэ кьелъытэ дунейпсо мардэм изагъэ бгы лыжэ кьежжьыпІэхэр, зыгъэпсэхуПІэхэр къыщызэбгъэпэщ хьуну щыІпІэу. Щыналъэм и унафэщІхэм нэхъ мыхьэнэ мащІэ иратыр къым республикэм и къалащхьэм зегъэужьыными, араща щыпІэм къеблагъэ туристхэм я нэхъыбапІэр щызэбгъэлЭкІыр. Петербург иджыблагъэ щызэхэта дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм республикэм щигъэльэгъуащ Налшык къалэ и зыгъэпсэхупІэхэр къэгъэщІэрэщІэжьным, ухуэныгъэщІэхэр егъэкІуэкІыным, къалащхьэм зегъэужьыным хуэгъэпса мастер план. Абы хохьэ Іэнатіэм хуэлажьэу иджыпсту щыІэ Іуэхущапіэхэр, санаторэ-курорт комплексыщІэрэщІэжьыныр, цІыху минипщІым нэсым зэуэ зыщагъэпсэхуфыну унэщІэкІэр щыныр, апхуэдэуи къалэр, абы и щыпІэ нэхъ гъэщІэгъуэнхэр зэІузэпэщ щыныр.

Республикэм и Іэтащхьэм зэІущІэм къыщІэта Іуэхуэхм ящхьэ иткІэ зыхуэфащэ Іэнатіэхэм пщэрыльхэр ящищащ «Ростуризм»-м дэлэжьэным теухуауэ икІи грантхэр къыдахьри папщІэ инвестицэ проектхэм я зэпеуэм зэрызэтыным зыхуагъэзэзырыну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

УФ-м юстицэмкІэ и министр Чуйченкэ Константинрэ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ зэпсэлъащ

Лэжьыгъэ Іуэхукіэ къэкІуауэ мы махуэхэм Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ округым щыІэ, УФ-м юстицэмкІэ и министр Чуйченкэ Константинрэ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ зэхуэсащ. Зэ1ущІэм къыщІэтащ Урысей Федерацэм и цІыхухэм пщІэншэу юридическэ дэІепыкъуныгъэ етыныкІэ законыр гъэзэщІэным хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм правовой дэІепыкъуныгъэм зыщегъэужьынымкІэ хэкІыпІэхэм.

АБы и лъэныкъуэкІэ зэгугъупхъэхэм ящыщу федеральнэ министрым къигъэльэгъуащ цІыхухэм пщІэншэу юридическэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэныр къызэзыгъэпэщын хэрал бюро зэтегъэувэныр. Иджырей законодательствэм ипкъ иткІэ къэралым и юридическэ дэІепыкъуныгъэр пщІэншэу къагъэсэбэп хьунущ, апІуанэ гупхэм хиубыдэ ныкъэрыкъуэхэм, нэхъ хуэмышІауэ псэу цІыхухэм, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, сабий зеинщэхэм, апхуэдэу нэгъуэщІ гуп щхьэхуэхэми ящыщ цІыхухэм. Чуйченкэ Константин зэрыжиІамкІэ, къэралым и юридическэ дэІепыкъуныгъэхэр иджыпсту пщІэншэу къэзыгъэсэбэпыр апхуэдэ хуитныгъэр зытехуэ цІыхухэм ящыщу зы процентым щІигъуркъым. Абы къыхэкІыу Урысейм и Президентым къигъэщащ пщІэншэу цІыхухэм юридическэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщІэ къэрал системэ зэтеухуа къызэрагъэпэщыну.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщхьэхукІащ нэхъ хуэмышІауэ щыт цІыхухэм юридическэ Іуэхутхьэбзэхэр пщІэншэу яхуэщІэныр властымрэ цІыхубэмрэ я зэдэлэжьэныгъэр гъэбыдэныжмкІэ хэкІыпІэшхуэу зэрыщытыр. Абы къигъэльэгъуащ мы Іуэхур иджыпсту республикэм зэрыщыгъэпкърахыр икІи дяпэкІэ зэхуэсфащэхэм юрист Іэкіуэлъакіуэхэм я дэІепыкъуныгъэ зэрагъэтынур.

Зэ1ущІэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ 2024 гъэм фІэмыкІыу ди щІыналъэм судлабораторэ къыщыізэрагъэпэщын зэрыхуейм. Ар щІылажьэнущ УФ-м Юстицэмкіэ и министерствэм и Управленэу КБР-м щыІэм и деж.

Чуйченкэ Константин ди республикэм и Іэтащхьэм фІыщІэ къыхуиІащ ди щІыналъэм щыІэ управленэм и лэжьакІуэхэр зыхуей псомкІи къызэрызэрагъэпэщам папщІэ икІи а управленэм и Іуэху зекьэкІэр нэхъри зэрыгъэфІакІуэнум тепсэлъыхьащ. Федеральнэ министрым къыхигъэщхьэхукІащ УФ-м Юстицэмкіэ и министерствэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и ІэщіагъэлІхэр зэманым къэлэнхэм нэгъэсауэ зэрыпэлъэщыр.

КІуэкІуэ Казбек Урысейм юстицэмкІэ и министрым фІыщІэ хуиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ къэралым, ди республикэм исхэм зэпымыууэ гулъытэ къаззрыхуищым, щІыналъэ органым и Іэщіагъэр зэпымыууэ егъэфІэкІуэным и нэІэ зэрытригъэтым папщІэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

Ульбашев А. Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист" цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд хьуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэ лъапІэр фІэщын **Ульбашев Абдуллэхь Хьэким и къуэм** - Къэрал казначействэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и къудамэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мэкъуауэгъуэм и 9-м
№62-УГ

Дунейм къытехьащ ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием къыдигъэкІ «Доклады АМАН» журналым и яп3 номерыр (2021 гъэ)

Дызэрыт илъэсым яп3у къыдэкІа журналым ихуащ биологием, экономикэм, геофизикэм, тхыдэм, философием теухуа къэхутэныгъэхэр.

● ЩІэ

ЖУРНАЛЫР къызэІуех ЩІДАА-м и академик ЩХьэгъэпсо Сэфэрбий «Мылыку кІуэдыж: «Декоративные культуры» цІэр зезыхьэ совхозым пыща Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ботаническэ жыг хадэм и къэхуІкІэмрэ и иджыпей щытыкІэмрэ» лэжьыгъэм.

«КъБКъУ-м и тхыдэмрэ и зыужьыныгъэмрэ Льостэн Владимир щІа мыхьэнэр» - ар и фІэщыгъэщІ Тхьэгъэпсо Хьэжьсмел и тхыгъэм.

Философие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик Унэж Кашиф топсэлъыхь «Нарт» эпосымрэ абы и тхыдэ-щэнхабзэ мыхьэнэмрэ.

Журналыр зэхуещІыж ЩІДАА-м и академик Ершов Виталий и «Хамэ къэрал шэрджэс тхыдэр щІэныгъэлІ, тхаКІуэ, цІыхубэ лэжьакІуэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд и лэжьыгъэхэм къызэрыхэщыр» зыфІащащ и Іэдакъэщіэкіымкіэ.

ХЬЭПЦІЭ Іэуес.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Лъэпкъ инвестицэ рейтингым увыпІэ 17-кІэ щыдокІуэтей

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ Петербург щызэхэта дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм къыриІуахэм щытепсэлъыхьыжа зэІущІэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэм къихьащ Урысейм и щІыналъэхэм щыІэ инвестицэ щытыкІэм теухуауэ, Лъэпкъ инвестицэ рейтингыр зыхуэдэр и тегъэщІапІэу, Стратегие жэрдэмэмкІэ агентствэм зэхуэсышхуэм хэІущІыу щищІа бжыгъэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр яхэхуащ инвестицэ щытыкІэр щеф1экІуэ щІыналъэ 40-м. Ар илъэс кІуам нэхърэ пункт 17-кІэ къыдэкІуэтеящ, балл 250,2-рэ кихьри. Къэпщытэныгъэхэм япкъ иткІэ, къэралым и щІыналъэ 85-ри увыпІэ 29-м трагъэшащ. Республикэм 16-нэ увыпІэр къихьащ, и Іуэхуэр иригъэфІакІуэри.

Зэ1ущІэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КЪБР-м и Іэтащхьэм и УнафэщІым и къуэдзэхэу **Къуныжь МуІэедрэ Говоров Сергейрэ**, КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ **Хъубий Марат**, КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис**.

КІуэкІуэ Казбек жиІащ рейтингыр щызэхэлъхьар инвестицэ щытыкІэр щыІэпхъэм щегъэфІакІуэным теухуауэ гъэзэщІакІуэ властым и органхэм зэфІагъэкІхэр къапщытэн папщІэу зэрыщытыр. УнафэщІым къыхигъэщхьэхукІащ республикэм и экономикэм дежкІэ мыхьэнэ хэха зиІэ туризм, мэкъумэш хозяйствэ, псэупІэ ухуэн Іэнатіэхэм гулъытэ хэха яхуэщІын хуейуэ абы къызэригъэувыр.

2021 гъэм и лъэпкъ рейтингыр щытыкІэ 42-рэ унэтІныгъапІымрэ я лъабжьэу зэхалъхьащ: «Щытыкіэр зэрыгъэфІэкІуэж щыкІэр», «Хьэрычэт Іэнатіэм епха институтхэр», «Инфраструктурэмрэ ресурсхэмрэ», «Хьэрычэт Іэнатіэ мыиныр дэІыгъныр». Мыбдежым ныкъалъытащ хьэрычэтыщІэхэмрэ экспертхэмрэ зэрахэупщІыхьам кьрикІуахэр, апхуэдэу статистикэм къит бжыгъэхэр. Іуэхур ефІакІуэным сэбэп хэхъуащ, къащцтэмэ, гъуэгухэм я ФІагъыр, лэжьыгъэр зэтеухуэным нэхъ Іэкіуэлакіуэ зэрыхуэхъуэар, хьэрычэт Іэнатіэм къэралыр мыльэкукІи нэгъуэщІэкмкІи зэрыдэІепыкъуар.

Зэ1ущІэм щызэпкърахащ ирагъэкІуэкІа зэпсэльэныгъэхэм якъарикІуахэр, инвесторхэм ядэлэжьэнымкІэ щыІэ Іэмалхэр, апхуэдэуи щІыналъэхэр зэпыщІауэ щытынымкІэ хэкІыпІэхэр. Іэтащхьэм республикэм и Правительствэм хуигъэуващ щІыналъэм и инвестицэ щытыкІэр адэкІи егъэфІэкІуэным жыджэру яужь итыну. Къапэщытащ хуэунэгъэ ирагъэкІуэкІыну хуит зэращІ къэрал дэфтэрхэр тэмэму икІи нэхъ псынщІэу къыІахыным, мылъкур тхыным, электросетхэм, нэгъуэщІ коммуникацэхэм пыдзэным ехьэлІа Іуэхуэхэр зэкІэлъытыгъэкІуэным теухуа къэрал Іуэхутхьэбзэхэр зэфІагъэкІыну.

«Щ1ыналъэм и хьэрычэтыщІэхэм адэкІи зэ1уахэу епсэлъэн хуейщ хьэрычэт Іэнатіэ мыиныбзэ курытымрэ зегъэужьынымкІэ щыІэ зэкІэлъытыгъэхэм, экономикэм инвестицэхэр къыхегъэлъэхьэным теухуа Іуэхуэхэмкіэ», - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

НОБЭ

♦Морожнэм и дунейпсо махуэщ

♦Иорданием егъэлъапІэ и армэм и махуэр

♦1774 гъэм Урысеймрэ Тыркумрэ зэращІылІащ Кючук-Кайнарджи мамвр зэгурыІуныгъэр. Абы ипкъ иткІэ, Къэбэрдей Русейм и зы Іыхьэу къалытат.

♦1793 гъэм Париж дунейм щыяпэу зоопарк къыщызэІуахащ.

♦1793 гъэм США-м и къалащхьэр яхьэужащ: Филадельфием и пІэкІэ къэралым и щыхьэру ягъэуващ Вашингтон.

♦1807 гъэм Ижевск ухуэн щыщІадзащ Іэщэ щащІ заводыр.

♦1846 гъэм Шотландием щыщ Томпсон Роберт Лондон щратащ автомобилхэм щІалъхьэ, бгъэпщ хъу шэрхъ абы къыізэригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъыр.

♦1909 гъэм Канберрэ Австралием и къалащхьэ хъуащ.

♦1921 гъэм къызэрагъэпэщащ Толстой Лев и «Ясная Поляна» музей-щІапІэр. ТхакІуэр абы илъэс 60-м нэскІэ щыпсэуат, «Зауэмрэ мамыркъэмрэ», «Каренинэ Анн» роман цІэрыІуэхэри щитхар арат.

♦1931 гъэм Москваре Ленинградрэ яку дэлъ гъэгуанэм трагъэуващ «Красная стрела» мафІэгу.

♦1936 гъэм «Союздетмультфильм» киностудиер къызэрагъэпэщащ.

♦1940 гъэм Италиер ЕтІуанэ дунейпсо зауэм хьэхащ Германием и телъхьэу. Абы зауэ ящыщІащ Франджымрэ Инджылызымрэ.

♦1943 гъэм США-м кэуду щащэу щыхуежьащ иджы дызэрытхэ къалэмхэм (авторучкэхэм) хуэдэхэр.

♦1955 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым хьыхэ Тырныаузрэ Докшукинэрэ къалэ хъуащ.

♦2016 гъэм Франджым къыщызэІуахащ Европэм футболымкІэ и 15-нэ чемпионатыр.

♦Сурэтыщі-график, УФ-м щІыхь зиІэ и художник, «Нартхэр», «Дяпэ итахэм я уэрэдхэр», «Къурш щхьэгухуэхэм я таурыхъхэр» тхылъхэр зыгъэщІэрэщІа **Глуховцев Александр** къызэралъхурэ ильэси 111-рэ ирокъу.

♦Совет композитор цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, Ленином, Сталиным я цІэкІэ зезыхьэу щыта саугъэтхэр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Хренников Тихон** къызэралъхурэ ильэси 108-рэ ирокъу.

♦Режиссёр цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Ерчэн Леонид** къызэралъхурэ ильэс 96-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артистэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Зыкинэ Людмилэ** къызэралъхурэ ильэс 92-рэ ирокъу.

♦Гум еІэзэ дохутыр цІэрыІуэ, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, РАН-мрэ РАМН-мрэ я академик, СССР-м узынщагъэр хьумэнмкІэ и министру щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Чазов Евгений** и ныбжьыр ильэс 92-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цІыхубэ сурэтыщІ, Урысейм художествэхэмкІэ и академием и академик, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зрата, «Хэкум и пащхьэм щІІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и нагъыщІэ псори зыхуагъэфэща **Глазунов Илья** къызэралъхурэ ильэс 91-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Смирнитский Валентин** и ныбжьыр ильэс 77-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Инэрокъуэ Аллэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъШР-м щыщ къэрал лэжьакІуэ, УФ-м цІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ пщІэ зиІэ и лэжьакІуэ **Бэчыжь ФатІимэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Щэрджэс еджагъэшхуэ, мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор **Тамэ Мухьэрбий** и ныбжьыр ильэс 60 ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент, тхакІуэ, 2013 гъэм Мейкъуапэ щекІуэкІа «Адыгэ пщащэ» дунейпсо зэпеуэм яп3 вицемисс щыхьэ **Щомахуэ Залинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пщэ техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэзх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХУ Маринэщ.

● Къулыкъу

«Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ Бжьахуэ Ранетэ

КъБР-м и Правительствэм 2021 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м къыдигъэкІа Унафэ №222-РП-м ипкъ иткІэ, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу ягъэуващ КъБР-м и Парламентым ЩЭнхабзэмкІэ, граждан жылагъэ Іуэхущ1апІэхэм зегъэужьынымрэ цІыхубэ хьыбарегъащІэ политикэмкІэ и комитетымрэ КъБР-м и Парламентым КІэлъыплъныныгъэмрэ регламентымкІэ и комитетымрэ хэт, «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм къыбгъэдэкІыу КъБР-м и Парламентым и депутат Бжьахуэ Ранетэ.

Ранетэ Башир и пхъур Дзэлыкъуэ щІыналъэм хьыхэ Сэрмакъ къуажэм 1964 гъэм къыщалъхуащ, Ростов къалэм дэт къэрал университетым журналист Іэщіагъэр щызэригъэгъуэтащ, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналистщ.

Абы 1988 гъэм лэжьэн щІидзащ «Заря коммунизма» (1990 гъэм и фІэщыгъэр «Зольские вести» жиІэу зэрахъуэкІащ) щыналъэ газетым и корреспонденту. 1990 гъэм къыщыщІэдзауэ 2009 гъэ пщІондэ «Зольские вести» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу щытащ. 2009 гъэм къыщыщІэдзауэ редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр игъэзэщІащ, иужькІэ редактор нэхъыщхьэ кулыкъум ягъэуващ.

Ранетэ Башир и пхъур Дзэлыкъуэ хэхьэгъэ зэрыщытыр, ар и Іэдакъэщіэкіымкіэ, Іуэхутхьэбзэхэр зэрыщІэныгъэ щыІэ Іуэхуэхэм я Іэмалыщіэхэм, технологие пэрытхэмкІэ къыхэзгъэпэща «Лэгъупыкъу» Іуэхущ1апІэм и доктор щІэныгъэлІ, тхаКІуэ, цІыхубэ лэжьакІуэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд и лэжьыгъэхэм къызэрыхэщыр» зыфІащащ и Іэдакъэщіэкіымкіэ.

ХЬЭПЦІЭ Іэуес.

Нэгузыужьу, гукъинэжу щагъакІуэ

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къызыхуэтыншэу къызэгъэпэщыным мы лъэхъэнэм дэнэкІи гулъытэшхуэ ядылъащІ. А Іуэхум мыхьэнэшхуэ ириту, Къэбэрдей-Балъкъэрыр ядолажьэ гъунэгъу щІыналъэхэми. Гъэмахуэм и яп3 мазэм къриубыдэу ди республикэм зыщагъэпсэхунущ а щІыпІэхэм къикІа сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ.

ОСЕТИЕ Ипщэм щыщ сабий гуп мы махуэхэм къакІуащ ди щІыналъэм. Ахэр щрагъэблагъащ Налшык дэт «Лэгъупыкъу» социально-реабилитацэ центрым. Гупым нэхъыбэу хэтыр зи узынщагъэм сэкъат иІэ сабийхэращ. Апхуэдэу гулъытэ ягъуэт адэ-анэ зыщхьэщымытыж цІыкІуэхэмрэ хуэмыщІахэм якъэхэкІахэмрэ. А сабийхэр псори ди деж щыхьэщІэнущ тхьэмахуитІкІэ. Центрым и ІэщіагъэлІхэм хьэщІэ ныбжьыщІэхэм зэрадэлэжьэн гъэ щхьэхуэ яубзыхуащ. Абыхэм къыщыгъэльэгъуащ сабийхэм драгъэкІуэкІыну лэжьыгъэ унэтІныныгъэхэр медицинэм, щэнхабзэм, психологием епхахэр - я узынщагъэр егъэфІэкІуэнри, я къуэхым, зэхэщІыкІыным хэгъэхэр, эстетикэ, хэкупсэ гупсысэхэм зэуэщиинри, ди республикэм и щІыпІэ дахэхэм я нэгу зыщегъэужьынри, нэгъэщІ Іуэхугъуэхэри. Ныбжьыщіэхэм папщІэ санаторэм щолажьэ (псыгъэнхэр) бассейнхэр, футболым, нэгъэщІ спорт лІэужьыгъуэхэм хуэщІа ут цІыкІухэр, къэфапІэхэр, киноконцерт пэщхэмрэ библиотекэхэмрэ.

Иджырей диагностикэ Іэмэпсымэхэмкіэ, технологие пэрытхэмкіэ къызэгъэпэща «Лэгъупыкъу» Іуэхущ1апІэм и дохутырхэр набдзэгубдзапІэу іэпэлъпІэ сабийхэм я узынщагъэм. Узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыпкърытхэр щагъэхъужькІэ, абыхэм къагъэсэбэп хабзэщ Тамбукъан гуэл цІэрыІуэм къыхах ятІагъэуэу сульфидхэр куэду зыхэлъыр.

Нэгузыужьу икІи гукъинэжу зэманыр ди деж щагъакІуэ хьэщІэ ныбжьыщІэхэм. Осетие Ипщэм Узышагъэр хьумэнмкІэ и министерствэм и ІэщіагъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, апэ гупым я Іуэхур зэфІэкІмэ, абыхэм якъаІэтыкІуэнущ нэгъуэщІхэри. Апхуэдэу гъэмахуэ мазищым къыриубыдэу ди республикэм зыщагъэпсэхунущ, я узынщагъэри щагъэфІэкІуэнущ а гъунэгъу къэралым щыщ ныбжьыщІищэхэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

КъулыкъушІэхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Узэшмэ - мафІэ, ушынэмэ - гъусэ.

Къуажэ щIыналъэхэм псэупIэ щащIкIэ (къыщащэхукIэ) иратыну социальнэ дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдизыр къыщабжкIэ къагъэсэбэпын папщIэ 2021 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къуажэхэм псэупIэ зы метр зэбгъуэзэнатIэм ику иту щыхуэзэ рынок уасэр убзыхуным и Iуэхуки Iэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2021 гъэм накъыгъэм и 31-м ***Налшык къалэ*** ***№115-ПП***

«Къуажэ щIыналъэхэм комплекснэу зегъэужьныр» Урысей Федерацэм и къэрал программэм, Урысей Федерацэм и Правительствэм 2019 гъэм накъыгъэм и 31-м къыдигъэкIа унафэ №696-мкIэ къыщIам, «2021 гъэм и яп илъэс нкIыуэм Урысей Федерацэм псэупIэу зы метр зэбгъуэзэнатIэм щиуасэнумкIэ мардэм, 2021 гъэм и яп кварталым Урысей Федерацэм и субъектхэм псэупIэу зы метр зэбгъуэзэнатIэм ику иту щыхуэзэну рынок уасэр зыхуэдизу щытыным и Iуэхуки Iэ» Урысей Федерацэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм 2020 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м къыдигъэкIа унафэ №852/пр-м япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къуажэ щIыналъэхэм щащIкIэ (къыщащэхукIэ) иратыну социальнэ дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдизыр къыщабжкIэ къагъэсэбэпын папщIэ 2021 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къуажэхэм псэупIэ зы метр зэбгъуэзэнатIэм ику иту щыхуэзэ рынок уасэр сом 26000-рэ хъуу гъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ
МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ цIыхубэ творческэ гупхэм зэрадэIэпыкъу грантхэр иратын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкIыу къинэмыщI бюджет зэхуаку трансфертхэр щIыналъэхэм я бюджетхэм зэрыухаха Хабзэм и пункт 6-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхуки Iэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2021 гъэм накъыгъэм и 31-м ***Налшык къалэ*** ***№117-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ цIыхубэ творческэ гупхэм зэрадэIэпыкъу грантхэр иратын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкIыу къинэмыщI бюджет зэхуаку трансфертхэр щIыналъэхэм я бюджетхэм зэрыухаха Хабзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ цIыхубэ творческэ гупхэм зэрадэIэпыкъу грантхэр иратын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкIыу къинэмыщI бюджет зэхуаку трансфертхэр щIыналъэхэм я бюджетхэм зэрыухаха Хабзэр къущтэнымк ъуэхуэрэ зэрадэIэпыкъу грантхэр иратын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкIыу къинэмыщI бюджет зэхуаку трансфертхэр щIыналъэхэм я бюджетхэм зэрыухаха Хабзэм и къыщIам, щыIэныгъэ зэрыпсэурэ ныбжьыщIэ ныбжьыщI

● Гъэщlэгъуэнщ

Хьэтхэр Европэм дауэ къызэрыщыхутар?

Нобэ зыми шэч къытрихьэжу къыщlэкlынкъым хьэтхэмрэ (хьетхэмрэ) абхъаз-адыгэхэмрэ зы лъэпкъыу зэрыщытам. Абы щыхьэт техьуэ къэхутэныгъэ гъэщlэгъуэнрэ художественнэ тхыгъэу иужьрей илъэсхэм куэд дыдэ къыдэкlащ. Ар зыфlэмыкъабил, егъэлеиныгъу къэзылъытэ гуэрхэр пасэм щыlами, ди зэманым апхуэдэхэри хэпщlыкlыу нэхъ мащlэ хъуащ.

ХьЭТХЭМ я тхыдэм щlэныгъэлlхэм елэжьын щыщlадзар 19-нэ лlэщlигъуэм и кlэухырщ - 20-нэ лlэщlигъуэм и пэщlэдзэхэрщ. Тегъэщlапlэ ящыынур зэрымащlэм, зэрыгъэтыгъуейм я зэранкlэ тхыдэтхэм япэ лъэхъэнэхэм зэхагъэкlыну яхуэзфlэкlар зэман жьжьхэм хьэт - хьет лъэпкъхэм зы къэралыгъуэ лъэщ Азие Цlыкlум къызэрыщызэрагъэпэщарц. Ауэ абыхэм къащlэна тхыгъэхэр иужькlэ къыщагъэтым, ахэр щызэпкърахым, кьеджэф щыхъум, щlэныгъэлlхэр зыхуэкlуа гупсысэхэр хэlущыlыу ящlу щlадзэ. Зэрымыщlэкlэ къаГуэта а тхыгъэхэм я фlыгъэкlэ еджагъэшхуэхэм зэхагъэкlащ а къэралыгъуэр зыуха лъэпкьитlым я бзэр зэрызэтемыхуэр, ахэр зы лъэпкъыу къэзылъытэ щlэныгъэлlхэр щыlэми. Хьэтхэм я тхыгъэу иджыкlэ дызыщыгъуазэхэр куэд мыхъуми, щlэныгъэлlхэм зэхагъэкlащ хьетхэр зэрыпсалъэр индо-европей бзэ гупым зэрыщыщыр, хьэтхэм ейр кавказыбзэхэм, нэхъ пыухыкlыу жыпlэмэ, абхъаз-адыгэхэм я бзэм нэхъ зэрыпэгъунэгъур.

Адыгэ щlэныгъэлlхэм ящыщу хьэтхэм (щlэныгъэлlыр абыхэм зэреджэр «хьату» жаIэщу» - П. А.) я тхыдэм, ахэр дызэрилъэпкъэгъум шэч хъытримыхьэжу, япэ елэжьу щlэзыдзар Цагъуэ Нурийщ. Абы и лэжьыгъэ «Адыгэм и тхыдэм» (1917) мыр щытхащ: «Хьэтхэм пщыгъуэ щызэрахьэу къажэщlар Асия Цlыкlуращ... Хьэтхэм я пlэхъэнэм адрей адыгэ жылагъэхэми пщы цlыкlу зырыз яIэу, хьэтэхэм я пщыр пщы и пщыжу щытащ». Ар къэралыгъуэ лъэщу зэрыщытам и щыхьэту и лэжьыгъэм абы щетх: абыхэм «унафэ зэкlэлъыкlуэкlэ зэрашэу дзэхэр яIащ, я ныкъуэкъэгъу нэхъыщхьэу щытахэри Асурыщ (Ассирие), Бабилырщ (Вавилон), Мысырырщ (Египет). Хьэту къэралыгъуэм щlыпlэшхуэ къызэщlиубыдэрт: Бабилхэм, Ассурхэм къызщыщlэдзауэ Кавказым къэсу».

А зэман жьжьхэм абыхэм тхыгъэ зэрагъэпэщащ, гъущlыр япэ къэзыгупсысар ахэрауэ хуагъэфащэ, Іэщзкlэ, мывэкlэ, дыжьынкlэ, дыщэхэкlэхэмкlэ Іэкlуэльакlуэт, дзи зэманым хэдгъэкlуэдым я ныпым тет щхьитlгъэ бгъэ гуэрэпыр япэу къэзыгъэсэбэпари ахэрщ.

Хьэт - хьет къэралыгъуэр лъэщу зэрыщытар белджжьыбы къыпщащlи и гъунэгъу лъэпкъ пъщlэрехьэхэм ар ерыщу лlэщlигъуэкlэ зэрапэщlэтами. Абыхэм ящыщу адыгэ щlэныгъэлlым нэхъ къыхигъащхьэкукlыр хьэтухэмрэ мысырхэмрэ я зэпэщlэтныгъэрщ. Нэхъ пыухыкlауэ абы нэхъ зи гугъу ищlыр хьэтуупщ, Мау Езанэм Мысыр фирхьэун Сатей (ди эрэм илпкlэ 1337 - 1317 гъэхэм) дригъэкlуэкlа зауэрщ. Абы нэхърэ нэхъ гъэщlэгъуэнхыжщ Хьэтухэм япщ Мау Етlуанэм Мысырым и фирхьэун Рамсес Етlуанэм (ди эрэм илпкlэ 1317 - 1251 гъэхэм) зэрезэуар. Зэрытемыгъакlуэу яуха а зауэм иужькlэ зэращlылlа зэгуфlыуэныгъэр а тlум ар ягу къэкlри, тхыгъэкlэ ягъэбыдащ, дыжьын пхъэбгъум тратхащ, ди зэманми ар къэсащ. Цагъуэ Нурий зэриттхыжьыгъамкlэ, абы щыжьыар мыращ: «Мысырым бгъэдгъэ хэкухэм зы бий кьихьэн хуей хъумэ, мысырыпщым адзгъэпщым лыкlыуэ кьыхуещlыр: «Къакlуэ, абыхэм езгъэзэуэну кьару къызэдзыз» жиlэмэ, адыгэм я пщышхуэм Мысырым и пщышхуэр зыщlэхьэгъуэнущ, и бийхэр хьэлэч ищlынущ. Адыгэ хьэтум и пщышхуэр и щхьэкlэ мыкlуэн хъумэ, мысырыпщым и бийхэр хьэлэч ищlын папщlэ, хьэтухэм я шуудзэр, я зауэгухэр игъакlуэ ныужь, абы хуэдэу адыгэм я пщышхуэми хэкум бий кьихьэн хуей хъумэ, Мысырым и пщышхуэри абы тету дзэ игъэкlуэнущ. Быдагъэм иужькlэ тхъэ зэрызэхуаIуэр иратхэри, хьэтухэм ягъэльапlэу щытахэм я щlэхэри иратхэжащ».

Хьэт - хьетхэм къащlэна тхыгъэхэр щыхьэт зэрытехъэмкlэ, зауэ-банэ егъэкlуэкlынем сыт хуэдизу хуэмыдэкlуэльакlуэми, абыхэм я хьуэпсапlэ нэхъыщхьэу щытар мамыру я гъунэгъухэм ядзгъэуэгурыкlуэныр, ядэпсэуныр. А лъэхъэнэ жьжьхэхэм абы и зы хэкlыпlэ нэхъыфlу, Іэмал нэхъ кьеззэгуныгъэр зи фlыгъэкlэ ящlыр: зэфlэкl зиIэу къапещlэт я бийхэм благъэ захуэщlынырщ, Іыхьлыгъэкlэ ахэр къэубыдынырщ. Зэтемыкуэныгъэ, зэщхьэщыкlынигъэ гуэрхэр яIэ щхьэкlэ, пасэрей тхыгъэхэм кьыхощыж хьэтхэмрэ хьетхэмрэ я пащтыхьхэм благъагъэкlэ пlыэныгъэ Мысыр фирхьэунэм нэхъ зэрыхуаIар. Зэгъунэгъуитlыр Іыхьлыгъэкlэ япэу щызэрыубыдар Тутмос Етlуанэм и пащтыхьгъуэрщ. Зэрыхуагъэфащэмкlэ, ар щыпсэуар ди эрэм илпкlэ 1430 - 1402 гъэхэрщ. Абы и щхьэгъусэу щытащ хьэт пащтыхьым ипхъу, а къэралыгъуэм и щыхьэрым и щlэ Хьатусэ зезыхьэу щыта бзыльхъгъэр, иужькlэ къэрал унафэщlу акъылыфlэу зыкъэзыгъэльэгъуар.

Хьэт - хьет пащтыхьхэм япхъэхэр нэгъуэщlу лъэпкъ унафэщlхэм лъэщыгъэкlэ, шынагъэкlэ щрагъаши къэхъутъащ. Мысыр фирхьэун цlэрыIуэ Рамсес Етlуанэм (ди эрэм илпкlэ 1290 - 1224) и дзэр Щамым и щlыпlэ Кьэздэш и деж хьэтхэмрэ хьетхэмрэ щызэхакъутам, хьет пащтыхь Хаттусили Ещанэм и пхъур баштекъэзкlэ абы ирагъэшауэ щытащ. Гъэщlэгъуэнщ а лъэхъэнэ зыжьхэзэм хьэт - хьетхэм я щlыпlхэм Мысырым и фирхьэун къаIэн мэтынщыр зэрыхьарихьари, тхыдэм кьыхэна ухуэнныгъэ хьэлэмэтхэр абы зэрыригъэкlуэкlам и гугъу умыщlми. Дэ зи гугъу ттщlыр Тутмос Ещанэмрэ абы и щхьэгъусэ Яхмесрэ япхъу Хатшепсут (ди эрэм илпкlэ 1525 - 1503) мысыр фирхьэун цlэрыIуэрщ. Абы и щlэм наIуэу хьибольагъуэ ар хьэтхэм зэрапыхъуэпышэр, абы хэт макъыкр адыгэбзэм и хабзэхэм зэризагъэм и гугъу умыщlми.

Хьэт - хьет къэралыгъуэмрэ Мысырымрэ зэпыщlэныгъэ быдэ яку зэрыдэлъар игъэбыдэу тхыдэ лэжьыгъэхэм куэд къыщlэзтенащ. Абыхэм ящыщу мыри: Мысыр фирхьэун Аменхотеп IV (ди эрэм илпкlэ 1368 - 1351), иужькlэ Эхнатон зыфlэзыщыжам, илхъу щlэнэ Анхесенамун фирхьэун Тутанхамон и щхьэгъусэу щытащ. Илъэс 18 фlэкlа имыныбжьу ар дунейм щекlыжьым, фирхьэун къаlэнэр фызабэм и пщэ къыдэхуащ. Хабзэ зекlуэхэмкlэ а кьулыкъур абы куэдрэ зэрихьэ хъунутэкъыми, абы хьэт - хьет къэралыгъуэм и пащтыхьым щхэуу письмо хуетх, и кьуэхэм ящыщ зы щхьэгъусэу кьыхуигъэкlуэну. Ар кьэзырыщхьэпэнур кьызыгурыIуэ адэри абы заншlэу арэзы тохъуэ, и щlалэхэм ящыщ зы Мысырым егъакlуэ, ауэ зэрынэсуи ар диным и лэжьакlуэхэм яукl, хамэ лъэпкъым щыщ фирхьэуну игъэувыну дзыхь зэрытрамыщlэм кьыхэкlкlэ.

И щхьэхуитныгъэр ихъумэжу лlэщlигъуэ Іэджэкlэ хьэт - хьетхэр зыпэщlэта и бийхэм блэкlа эрэм и кlэухэм кьаховхъуэ. Дунейм игъэта зэхъуэкlыныгъэхэм я зэранкlэ лъэпкъхэр Іэпхъуэшапхъуэм щыхьихьэм, Европэм къоКl тенджыз Іуфэlускlэ зэджэ лъэпкъэр, иужькlэ абыхэм къахохьэж дуней псор зыIэщlэзыубыда Рим империер. Тхыдэтх цlэрыIуэ Гай Светоний Транквилл зэриттхымкlэ, Рим император Домициан (ди эрэм и 51 - 96), зэрытемыгъакlуэу кьэдрэ зэпэщlэта нэхъ, хьэт (щlэныгъэлlым зэриттхыр арац - П. А.) къэралыгъуэр зэхикъутащ, дакийхэр и лъабжьэм щlигъэуващ. Текlуэныгъэ кьихьахэр игъэлъапlэу, иужькlэ абы гуфlэгъуэ зэхэтышхуи иригъэкlуэкlащ. А зауэм илпуэкlи Рим къэралыгъуэмрэ хьэт - хьетхэмрэ зэрыщlэу, зэкlэлъыкlуэу, сату зэдащlу зэрыщытар игъэбыдэу тхыдэм кьыщызэтенащ нэгъуэщlу гъэщlэгъуэн гуэрхэри. Кьыззэрыщlэкlымкlэ, хьэтхэм благъэ зыхуащlу, япхъуэхэр ирату щытащ Римым и цlыху кьызэрыгъэкlэсми. Апхуэдэхэм ящыщ зыщ Светоний и лэжьыгъэхэм зи гугъу щищlэ патриций Луций. Тхыдэтхым и лэжьыгъэм щигъэбелджылыркъым ар хэтми, хьэтхэм я бзылъхугъэм цlыхугъэ зэрыхуэхъуари, ауэ ехьэкl хэмылъу абы щыжьыIащ а бзылъхугъэр лъэпкъ цlэрыIуэм кьызэрыхэкlар, кьызыхьхьаэхэм пщlэ лъагэ зэрыхуащlыр, Іэзэ-фэзэу, кьэхъуну-кьэщlэнуэр кьэзыхутэфу зэрыщытар. Абы и цlэр кьэзэтенащ. Зэрыхуэбгъэфэщэнкlэ, ар зыхьихьахэм кьыфIащагъэнущ - абы зэреджэр «Секстилия»-щ. Пасэу зи щхьэгъусэр дунейм ехьажа фызабэм сабийуэ щlалитl кьыхуэнащ, щlэныгъэрэ гъэсэныгъэ нэсра а тlум зэраритыфам и щlыхьэтщ абыхэм я зыр - Виттелий (ди эрэм 15 - 69) - Римыи и император зэрыхьэуар. Абыхэм я зым апхуэдэ кьулыкъу лъагэ зыIэримыгъэхьамэ, Рим тхыдэтх цlэрыIуэхэми хьэтхэм я пхъурылъхур кьызыхэкlари, абы и унагъуэм кьыщыхъуахэри кьратхэкlыну кьыщlэкlынтэкъым, ди деж кьызэрымысынымэ и гугъу умыщlыххи. И анэм кьэхъуну-кьэщlэнуэр кьихутэфу, ахэри зыгъэзащlэу щыта Вителлий абы и деж щыхэжеи и адэ-анэр псэуху ар зыIэрэт кьупльыкъур быдэу щымытыну, куэдрэ хузэмыхьэну. Ябыныкъуэхэм зэрыхуагъэфащэмкlэ, и Іэнатlэ лъагэр зыIэщlимыгъэкlын щхьэкlэ, абы и анэм щхъухъ иритри игъэIащ. Адрейхэм кьызэрыльтэмкlэ, гугъуехь тельхэр зуэмыхьыжу езым зиукIыжащ.

Хьэт - хьет къэралыгъуэм илъэс мин гъэугаиэхэр кьызэпичащ, абы кьэриубыдэуи лъэпкъ куэдым ефlэкlыу, и щхьэ ихъумэжу ар кьекlуэкlащ, ар щыхагъэщIаи, хэкlуэдэжьепэным щынахусаи кьэхъуащ, ауэ а псори кьызэранэкlри, ахэр зрэщlэ кьэунэхуам кьэсащ, а щlэр зэрахьэу къэралыгъуэ цlыкlухэри кьызэрагъэпэщащ. Щlэныгъэлlхэм зэрыхуагъэфащэмкlэ, абыхэм ящыщ Іэджэм я хэкум, Кавказым къагъэзэжащ. Ахэр куэд зэрыгъэхъуа, щыри кьемэщlэкlыну хуежьа? - сыт и щхьэусыгъуэми, абыхэм ящыщхэм заIэт, зэгуроIуэри хэщlапlэ кьалъыхьуэу хуожьэ.

Иужь зэманхэм щlэныгъэлlхэм зэрызэхагъэкlамкlэ, Европэм, нэхъ пыухыкlауэ жьпlэмэ, Германием и курыкупсэм, зрэщlэ кьэунэхуам и тэщlадзэхэм кьыщlагъэкlуэну щlепсэуащ хьэтхэр зи фlэщыгъэ лъэпкъ цlэрыIуэ. Ди деж кьэсыжащ а цlэр наIуэу зытет пасэрей картэ зыкъом, щlыпlэ иубыдыр пыухыкlауэ кьыщыгъэльэгъуэгъуэу.

И Іэщlагъэу щымытми, а къэралыгъуэ цlыкlум и тхыдэр зэфlэгъуэвэжьну, зыхэсхэм ар кьаззэрыщхьэщыкlыр зэхигъэкlыну, я зэхэщlыкl, Іуэху елпъыкlэкlэ ахэр дз зэрытпэгъунэгъур иубэхуну япэ яужь ихьар пщlэщхуэ зыхуэфащэ Тубэч Мадинщ. «Литературная Кабардино-Балкария» журналым 2015 гъэм къыдэкlа и 1-нэ, 4-нэ номерхэм «Хьэтхэр» псалъэщхьэм щlэту къытехуащ абы и тхыгъэ. Зи льэпкъым и тхыдэр зэзыгъащlэну зи мурад тхыльеджэхэм ар гъэщlэгъуэн ящымыбгъэкlи, емыцжэнкlи Іэмал иIабжьи, зыгуэр абы пэджжэуэ ди щхьэкlэ дыщымыгъуаззми. Тегъэщlапlэ ящlынир зэрымащlэм кьыхэкlкlэ, иджыкlэ зэхэмыгъэкlауэ куэд кьоно: гурыIуэгъуащхьэм я хэкур кьагъанэу ахэр Европэм Іэпхъуэн хуей щlэхъуар, ахэр зэрыкlуа Іуэгъур, зыкlуэщlрыкlа лъахэхэм ящlыщ зым кьыщlыщlэзтемыгъыщlар. Кхъуькlэ псым тету ежьа зэриттхыр арац - П. А.) къэралыгъуэр зэхикъутащ, дакийхэр и лъабжьэм щигъэуващ. Текlуэныгъэ кьихьахэр игъэлъапlэу, иужькlэ абы гуфlэгъуэ зэхэтышхуи иригъэкlуэкlащ. А зауэм илпуэкlи Рим къэралыгъуэмрэ хьэт - хьетхэмрэ зэрыщlэу, зэкlэлъыкlуэу, сату зэдащlу зэрыщытар игъэбыдэу тхыдэм кьыщызэтенащ нэгъуэщlу гъэщlэгъуэн гуэрхэри. Кьыззэрыщlэкlымкlэ, хьэтхэм благъэ зыхуащlу, япхъуэхэр ирату щытащ Римым и цlыху кьызэрыгъэкlэсми. Апхуэдэхэм ящыщ зыщ Светоний и лэжьыгъэхэм зи гугъу щищlэ патриций Луций. Тхыдэтхым и лэжьыгъэм щигъэбелджылыркъым ар хэтми, хьэтхэм я бзылъхугъэм цlыхугъэ зэрыхуэхъуари, ауэ ехьэкl хэмылъу абы щыжьыIащ а бзылъхугъэр лъэпкъ цlэрыIуэм кьызэрыкlар, кьызыхьхьаэхэм пщlэ лъагэ зэрыхуащlыр, Іэзэ-фэзэу, кьэхъуну-кьэщlэнуэр кьэзыхутэфу зэрыщытар. Абы и цlэр кьэзэтенащ. Зэрыхуэбгъэфэщэнкlэ, ар зыхьихьахэм кьыфIащагъэнущ - абы зэреджэр «Секстилия»-щ. Пасэу зи щхьэгъусэр дунейм ехьажа фызабэм сабийуэ щlалитl кьыхуэнащ, щlэныгъэрэ гъэсэныгъэ нэсра а тlум зэраритыфам и щlыхьэтщ абыхэм я зыр - Виттелий (ди эрэм 15 - 69) - Римыи и император зэрыхьэуар. Абыхэм я зым апхуэдэ кьулыкъу лъагэ зыIэримыгъэхьамэ, Рим тхыдэтх цlэрыIуэхэми хьэтхэм я пхъурылъхур кьызыхэкlари, абы и унагъуэм кьыщыхъуахэри кьратхэкlыну кьыщlэкlынтэкъым, ди деж кьызэрымысынымэ и гугъу умыщlыххи. И анэм кьэхъуну-кьэщlэнуэр кьихутэфу, ахэри зыгъэзащlэу щыта Вителлий абы и деж щыхэжеи и адэ-анэр псэуху ар зыIэрэт кьупльыкъур быдэу щымытыну, куэдрэ хузэмыхьэну. Ябыныкъуэхэм зэрыхуагъэфащэмкlэ, и Іэнатlэ лъагэр зыIэщlимыгъэкlын щхьэкlэ, абы и анэм щхъухъ иритри игъэIащ. Адрейхэм кьызэрыльтэмкlэ, гугъуехь тельхэр зуэмыхьыжу езым зиукIыжащ.

Хьэт - хьет къэралыгъуэм илъэс мин гъэугаиэхэр кьызэпичащ, абы кьриубыдэуи лъэпкъ куэдым ефlэкlыу, и щхьэ ихъумэжу ар кьекlуэкlащ, ар щыхагъэщIаи, хэкlуэдэжьепэным щынахусаи кьэхъуащ, ауэ а псори кьызэранэкlри, ахэр зрэщlэ кьэунэхуам кьэсащ, а щlэр зэрахьэу къэралыгъуэ цlыкlухэри кьызэрагъэпэщащ. Щlэныгъэлlхэм зэрыхуагъэфащэмкlэ, абыхэм ящыщ Іэджэм я хэкум, Кавказым къагъэзэжащ. Ахэр куэд зэрыгъэхъуа, щыри кьемэщlэкlыну хуежьа? - сыт и щхьэусыгъуэми, абыхэм ящыщхэм заIэт, зэгуроIуэри хэщlапlэ кьалъыхьуэу хуожьэ.

Иужь зэманхэм щlэныгъэлlхэм зэрызэхагъэкlамкlэ, Европэм, нэхъ пыухыкlауэ жьпlэмэ, Германием и курыкупсэм, зрэщlэ кьэунэхуам и тэщlадзэхэм кьыщlагъэкlуэну щlепсэуащ хьэтхэр зи фlэщыгъэ лъэпкъ цlэрыIуэ. Ди деж кьэсыжащ а цlэр наIуэу зытет пасэрей картэ зыкъом, щlыпlэ иубыдыр пыухыкlауэ кьыщыгъэльэгъуэгъуэу.

И Іэщlагъэу щымытми, а къэралыгъуэ цlыкlум и тхыдэр зэфlэгъуэвэжьну, зыхэсхэм ар кьаззэрыщхьэщыкlыр зэхигъэкlыну, я зэхэщlыкl, Іуэху елпъыкlэкlэ ахэр дз зэрытпэгъунэгъур иубэхуну япэ яужь ихьар пщlэщхуэ зыхуэфащэ Тубэч Мадинщ. «Литературная Кабардино-Балкария» журналым 2015 гъэм къыдэкlа и 1-нэ, 4-нэ номерхэм «Хьэтхэр» псалъэщхьэм щlэту къытехуащ абы и тхыгъэ. Зи льэпкъым и тхыдэр зэзыгъащlэну зи мурад тхыльеджэхэм ар гъэщlэгъуэн ящымыбгъэкlи, емыцжэнкlи Іэмал иIабжьи, зыгуэр абы пэджжэуэ ди щхьэкlэ дыщымыгъуаззми. Тегъэщlапlэ ящlынир зэрымащlэм кьыхэкlкlэ, иджыкlэ зэхэмыгъэкlауэ куэд кьоно: гурыIуэгъуащхьэм я хэкур кьагъанэу ахэр Европэм Іэпхъуэн хуей щlэхъуар, ахэр зэрыкlуа Іуэгъур, зыкlуэщlрыкlа лъахэхэм ящlыщ зым кьыщlыщlэзтемыгъыщlар. Кхъуькlэ псым тету ежьа зэриттхыр арац - П. А.) къэралыгъуэр зэхикъутащ, дакийхэр и лъабжьэм щигъэуващ. Текlуэныгъэ кьихьахэр игъэлъапlэу, иужькlэ Дунай (а щlэми адыгэ хуэмэбжьымэ хыболъагъуэ - **П. А.**) псым и ижьырабгъум Іуту ахэр Германием и курыкупсэм ита мэз абрагъуэм нэскlуащ икlи я щхьэ щахъумэфым нэхъ хэщlапlэфlу ар кьалъытэри, абдежым кьыщыщзтеувыащ. Ар зыхуэзэр иджырей нэмыщ кьалэ Гессен и Іэшэлъашэхэрщ, а щlэри «хьэт» псалъэм кьыптехьыкlауэ щlэныгъэлlхэм хуагъэфащэ. Пасэрей тхыдэ лэжьыгъэхэр тегъэщlапlэ ещlри, Тубэч Мадинэ и тхыгъэм кьыщыхь эрэщlэм и 98 гъэм Тацит итха мы псалъэхэр: «Терцин мэзым кьыщыщlедзэ хьэтхэм я щыналъэр... А лъэпкъыр (народыр - **П. А.**) адрейхэм кьащхьэщlэщlу Іэпкъльэпкъ зэкlуж зэраIэмкlэ, кьуэгъуэ зэрыщытыыкlэ, теплъэ щынагъуэ зэраIэмкlэ, ерыщагъ зэрахэлъымкlэ.

Адрей герман лъэпкъхэм кьащхьэщыкlыу, хьэтхэр зэпIэзэрытхэщ, сытми хуэхьэзырхэщ, я дзэ унафэщlхэр езыхэм хахьж, абыхэми псалъэмакъыншэу йодаIэу... римлянхэми, зэрахабзэу, текlуэныгъэр зи фlыщlэу абыхэми кьалъытэр дзэркъым, атlэ абы и унафэщlырщ».

Хьэтхэм яхэлъа нэгъуэщl зы хабзэ гъэщlэгъуэнми Тацит и лэжьыгъэм и гугъу щещlｰ. Кьызэрыщlэкlымкlэ, хьэтхэм «... лIыпlэ зэриувэу я щхьэцхэмрэ жьакlэхэмрэ кьагъэкlи икlи тхьэ щаIуэж лIыгъэ щlэным езыгъэз я щхьэмрэ жьакlэмрэ бий ямыукlыу ямыупсыну». Ар зыхуэзэфlэщlкlэхэм лIэжьыу я гъащlэр зэщlэкlаIуэ яхь, языныкъуэхэми лIыхъжьыщхэ зытращlэуэн кьаф1эщlу, псэуху зэрахьэ».

Ди эрэм и пэщlэдзэхэм Рим къэрал лъэщым и дзэзешэ Германик (ар Секстилие и кьуэ Вителлэрауэ щытмэ, гъэщlэгъуэнщ хьэтхэм я пхъурылъхум и анэр кьызыхэкlа лъэпкъым лъапсэрыхьр кьызэрыхуигъэкlуар - **П. А.**) хьэтхэм я кьуажэ нэхъыщхьэ Маттиекlэ зэджэр зэтриютащ, лъэпкъ унафэщlу Укроиир и пхъумрэ я жрец (щоджэн) Либесрэ гъэру кьиубыдащ. Иужькlи герман лъэпкъ зыбжанэм ящlыгъуу хьэтхэм бэнэныгъэ гуащlэ драгъэкlуэкlащ Рим империем, франджьхэм ярыбдыкъу.

Тхыдэтхэхэм кьызэралъытэмкlэ, хьэтхэм ящlыгъуу герман лъэпкъ куэд псэуащ, иужькlэ ахэр зэгухьэхэри, кьэралыгъуэ кьэзэрагъэпэщауэ щытащ, я щlэхэри тхыдэ лэжьыгъэхэм кьыщыщзтенащ. Пасэрей щlэныгъэлl щхьэхуэхэм зэрыхуагъэфащэмкlэ, а лъэпкъхэм ящlыщу хьэтхэм кьатепщlыкlар, нэхъ пэгъунэгъуу щытар батавэрщ, рим кьэралыгъуэм и лъабжьэм нэхъ пасэу щlэувахэрщ. Абыхэм дзэ гуп щхьэхуэ кьызэрагъэпэщхэм унафэщlу хахэр ezы лъэпкъым кьыхэкlа цlыху кьэщ цlэрыIуэхэрт, езыхэри лIыхъжьыхэт, шым хуэлэкlуэкlаIуэт, псым я нэхъ куум шым зэрытесу зэпрыкlэрт. Арагъэнущ Рим империем и шу гвардием батавхэм фlэкlа хамыгъэхъуэ щlыщlатар.

Герман щlынальэм щыпсэуа хьэтхэм я Іэужьу куэд кьызэтенакъым, дыэщыгъуаззэр мащlэщ. Ди деж жьэжьа пасэрей лэжьыгъэхэм нэхъыбэу зи гугъу щыщlар абыхэм я псэукlарщ, хьэл-щэн зытетахэрщ, лIыгъэ-хахуагъэ яхэлъэхэрщ. Ди жагъуэ зэррыхъунщи, а тхыдэ лэжьыгъэхэм зыри щыщlакъым хьэтхэм я кьекlуэкlам, кьыздикIам, я тхыдэм, я бзэм, хабзэм, Іуэрыуатэм теухуауэ, хэбгъэзыхьмэ, гъкъэжI ищlу а лъэпкъым и бзэм и зы псалъэ нэхъ ящlыхьэрщ зытхын абыхэм кьахэкlакъым.

Ди эрэм и пэщlэдзэхэм хьэтхэм тхыгъэ яхуэзгъэпэщыну Іэмал яIащ. Тубэч Мадинэ и тхыгъэм зэрыщыжьIамкlэ, зрэщlэ кьэунэхуам и 723 гъэм хьэтхэм я деж кьэкlуащ миссионер Бонифаций, абыхэм динышlэр къаригъэщтэну. Кьызэрысу псом япэу гу зыльытар хьэтхэми нэмыщlэ лъапкъэмэ зы жьгей абрагъуэ тхьэпсэлIпlэу зэраIарщ. Ар зэран кьызэрыхуэхъунур кьызыгурIуа миссионерым а жьгыр занщlэу прегъэупщl, пхъащхъэ абы кьыхэкlаxэмкlэ зы члисэ цlыкlу (капеллэ - **П. А.**) еухуэ, хьэтхэр христэн диным ирегъэхьэ.

Динышlэ кьащтам кьыдэкlуащ тхьилъ еджэнри, тхэнри, ауэ апхуэдэ фlыгъэр зэуэпlа хьэтхэм ар кьаухуэгъэ эзэпэпакъым, я тхьlэ зэхалъхьэныи я пщlыхьэпlэ кьэкlакъым. Бонифаций зи гугъу ищlа жьгым хуэдэхэр адыгэхэми лIэщlигъуэ Іэджэкlэ тхьэпльэIупlэу яIащ. Ар мажуий диным и Іэужьт. Нэхъ гъэщlэгъуэныжраци, 19-нэ лIэщlигъуэм кьэс ар адыгэхэм кьагъэсэбэну щытащ, кьадзэгъуэгурыкlуащ. Шапсигъ щlынальэм апхуэдэ зы жьгг кьыщызэтенауэ хуэсакъыу яхьумэ, кlэлъоплъ, яфlэгъэщlэгъуэну цlыхуэхэм ар зрагъэльагъу.

Европэр псэупlэ зыхуэхъуа хьэтхэм я бзэр зыщыщыр, зыхьыхэр зэфlэбгъэувэжьныр тыншкъым, тхыгъэ зэрамыIам и зэранкlэ. Иужь лъэхъэнэхэм кьэунэхуа Іэмал хьэрзынэ галлоргуппкlэ зэджэмкlэ ар лъэхъэнэхэкlынут, аеу хьэтхэр куэд щlауэ нэгъуэщl лъэпкъхэм яхэшыпсыхьыжащ, я лъэужьи ди зэманым кьыпхуэгъуэтыжынукъым. Нобэр кьыздэсым зы адыгэми и пщlыхьэпlэ кьыхэхуэну кьыщlэкlынтэкъым Европэр ди лъэпкъэгъуэхэм псэупlэ ящlауэ, лIэщlигъуэ тIощ илпкlэ абы щыпсэууэ, Цагъуэ Нурий ди лъэпкъым и Іэдакъэщlэкl тхьэгъэкlэ кьыхэхэм зэрыщагъэтауэ зэриттхыгъам и гугъу умыщlмэ.

ПЭЖ Андемыркъан.

Шэрыбхэм я дунейм

Мэкъуауэгъуэм и 2-м щегъэжьауэ и 9-м нэс Геленджик къалэм щекlуэкlащ Аэродизайнерхэм я IX дунейпсо фестиваль.

«АЭРОДИЗАЙНЕР» цlэр зэрихьэу Іэщlагъэщlэ зэрыщlэр зэрызэхэтхрэ куэд щlакъым. Псалъэм и мыхьэнэм къызэрыджэщlэщи, апхуэдэу зэджэр щэрыбхэр ягъэпщурэ гуфlэгъуэ зэхуэсхэр зыгъэщlэращlэ цlыху Іэкlуэльакlуэхэрщ. Ди хъуреягъкlэ зытплъыхьми, щэрыб щамыIэту махуэшхуэ щlагъуэ зэремыкlуэкlыжьым гу лъыдотэ.

Дэтхэнэ Іэщlагъэми хуэдэу, щэрыбгъэпщхэми Іуэхум нэхъ хуэIэзэ яхэтщ, я зэфlэкlым зэрызагъэуэжьыным еш ямыIэу елIапlэу.

Иджыблагъэ Геленджик къалэм щекlуэкlа, Аэродизайнерхэм я дунейпсо фестивалым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Урыс (Тэнащ) Каринэ. Экономист Іэщlагъэ иIэу КъБКъУ-р къэзыуха хъыджэбзым и пщlыхьэпIи къыхэхуакъым зэгуэр зэрыбхэм я дуней нэгъуэщlыжьым къыщlыхутэну. Сабийхэм якIэлъыплъыху Іуэхуншэу щымысын папщlэ, Іэщlагъэщlэм зеузгъэса Каринэ иджы дунейпсо зэхьэзэхэгъэм зэрекlуэлIафар езыми егъэщlэгъуэж.

- Мыр сэ сызыхэтыну къыскухуиху етIуанэ фестивалщ аэродизайным и Іуэхущlэгъэ иIэу КъБКъУ-р къэзыуха. Псори кьыззэзыгъэпэщlар Краснодар щыIэ, щэрыб къыщlэзыгъэкl икlи зыщэ Францыз Николай и унафэм щlэт «Праздник Мастер» Іуэхущlапlэрщ. Си насып кърихьэкlри, нэхъ Іэзэу аэродизайн Іэщlагъэм къыщалъытэ Шевченкэ Анатолий и «Шарлятэ» гупым мы гъэм сыхэхуащ.

«Тхыдэм и дыщэ напкlуэщlхэр» - арат, Каринэ зэрыжиIэмкlэ, мыгъэрей фестивалым фlащар. Тхьэмахуэ псокlэ екlуэкlа зэхьэзэхуэм щэрыб гъэщlам къыхамыщlыкlа укIуэдыж жыуагъэIуэ, гуп 15 щыIэпэуащ. Каринэ зыхэтам етIуанэ увыпlэр къыхуагъэфэщащ. Абыхэм щэрыб гъэщlам къыхащыкlат Пётр Езанэмрэ Екатеринэ Езанэмрэ япкъэр.

- Диплом къыщыватыжакlэ, Налышк щыщ аэродизайнерхэр щебгъеджэн еджапlэ къыпхуэзгъэпэщыну жыпlэркъэ? - деупщlащ Урыс Каринэ.

- Ар жэуаплныгъэшхуэ зыгъыщlа Іуэхущ. Нэгъэсыпауэ хэсщlыкlыу сыхъужь, пщlэну щыткъым, - къыткупыгуфlыкlащ хъыджэбзыр.

Цlыху бгъэгуфlэным нэхъ Іэщlагъэфl щыIэ? Аращ зыхущlэкъур Каринэ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Зэпеуэхэр

«ФIыуэ слъагъу си къалэ»

Апхуэдэ фlэщыгъэм щlэт урысейпсо зэпеуэ иджыблагъэ къыхилъхьащ «НИКА» къэралпсо егъэджэныгъэ порталым. Хьыбарегъащlэ Іэнатlэхэм ящыщ псоми яныщlауэ лажьэ а Іуэхущlапlэм а жэрдэмыр щыщlам и мурад нэхъыщхьэхэм хельытэ къытщlэхъуэ щlэблэр хэкупсэу, щалъхуа щыпlэмрэ абы и цlыхухэмрэ фIыуэ яльагъуу гъэсэныр.

IУЭХУР ди республикэм щызыгъэмlуатэхэм зэрьрыжаIэмкlэ, зэпеуэм хэт хъунущ ди щlыналъэм щылажьэ еджапlэ зэмылIужьыгъуэхэм екIуалIэ ныбжьыщlэ псори, я ныбжьрэ щыпсэу жыпlэрэ емылъытауэ. Апхуэдэ Іэмал яIащ егъэджакIуэхэми, гъэсакIуэхэми, адэ-анэхэми, зи хэкур, кьалэр фIыуэ зыльагъу цlыху щхьэхуэхэми, творческэ гупхэми. Зэхьэзэхуэм хэтыну гукъыдэж зыщlхэм абы кьыхуэзрагъэпэща admin@oc-nika.ru электрон хэщ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

ТкІийуэ, ауэ нэхъ тыншу

● Хабзэ

Куэд щІащ хамэ къэралхэм, нэхъыбэу Азие Курытым, кІыкІыу Урысейм и щІыналъэхэм щылэжьыну зэбгрыкІхэм я Іуэхур зэІуиныбзу къыдэкІыІэ: къезыгъэблагъэр хэт, зыгъэлажьэр хэт, щыпсэур дэнэ? ЗэрыгурыІуэгъуэщи, и нэхъыбэми хабзэм тету мы Іуэхухэр екІуэкІакъым.

АР КЪИЛЪЫТЭУ, МВД-м къыхилъхьащ нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыщу ди къэралым къихьэхэмрэ икІыжхэмрэ я Іуэхур гъэтэмэным хуейуэ. Зи гугъу яІыр хабзэм ебакъуэу хамэ щІыху къэзыщэхэмрэ ахэр гъэпщкІуауэ зыгъэлажьэхэмрэ (щІыху щхьэхуэу е фирмэу ирехъу) зратх реестр зэрыщІапхъэрщ. Мыпхуэдэ реестрыщІэр хагъэхьащ «Об условиях въезда (выезда) и пребывания (проживания) в РФ иностранных граждан и лиц без гражданства» федеральнэ хабзэм.

НэгъуэщІ щІэныгъэ хуэІущ хабзэм щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэкІэ УФ-м кІинаэхэм я Іуэхур ящІагъэпсынщІэу. Абыхэм Іэмал ират ди къэралым кІыщІэкІуам и щхьэусыгъуэр щІэкІэ зэрахъуэкІыну. Иджыри кІэзс зэрыщІараращи, анкетэ аргуэру ятхыжьын папщІэ къэралым икІыжу кІихьэжьын хуейт. ЩхьэусыгъуэУ къагъэлъагъуэ хъунут и бжыгъэр яГъэмэщІэнущ. Иджы блыщ ахэр зэрыхъунур: туризм, лэжьэну, еджэну, и щхьэ, лэжьыгъэ Іуэху, псапэ ищІэн мурад е транзит.

Хамэ цІыхур ди къэралым зэрыщыІэфыну пІалъэр мыпхуэдэу ягуэш: зы илъэс псом къриубыдэу махуэ 90 (ар нэхъ мащІэращ); пІалъэ кІыхым тещІыхьар махуэ 90-м щигъунущ, зэпымычу щыпсэуну хуит зыщІ документ имыІэу; ещанэр - ущыпсэуну хуитыныгъэ къутыныращи, ар кІыпІэрыхьамэ, а документым и пІалъэр зэи икІынукъым.

Ди къэралым зэпымычу щыпсэуну хуейхэм а хуитыныгъэр яІэрыхьэнущ псоми я зэхуэдэ е нэхъ тынш ящІа Іэмалхэм тету. Псоми я зэхуэдэм къегъуэф щыпсэуну къыхиха щІыналъэм экзамен щитыну (урысыбзэмрэ къэралым и тхыдэмрэ зэрыгъуэуэ). ЯщигъэпсынщІэ Іэмалым къытеувІэхэм экзамен ятынукъым. МВД-м къелъытэ «пІалъэкІэ щыпсэуну хуит ящІа» статуси апхуэдэ документри гъэкІуэдыжьипхъэ.

Хамэ къэрал къикІа псори электрон базэм итынущ. Апхуэдэ дыдэу гъэбелджылауэ щытынущ ахэр зыгъэлэжьэнхэр. Иужьрейхэр дяпэкІэ хуеижьнукъым хамэ къэрал къикІахэр зэрытыну реестрым.

ЩІэуэ къэхьалъхьаэм ящыщщ ди къэралым щылэжьэну къакІуэхэм зэгурыІуэныгъэм Іэ зэрытрагъэдзэнур, УФ-м и хабзэхэм емыбэкъуэну пщэрыльэ яхь зэрыхъум теухуауэ.

Иужьрейуэ. Урысейм щыпсэууэ тутнакъ хъуар хуит къызэрыхъужу къэралым ирагъэкІыжынущ, къэгъазэ щымыІэу.

● Германие

Лей зэрызэрихьамкІэ зеумысыж

Тхыдэр жьы хъурк ъым, жьыхуаІэр пэжынущ. Абы щыхьэт тохъуэ Германием 1904 - 1908 гъэхэм Намибием щызэрихьа леймкІэ иджы зэрызимусыжар.

А ГЪЭХЭМ Германием щыскырабгъу имыщІэу зэтрикІащ Намибием и щыІэдлъхьу пІэлъпІэхэм ящыщ куэд. Ар зэрыгеноцидыр Германием и унафэщІхэм зэрыжаІаращ Іуэхум гъэщІэгъуэну хэлъыр. ЗэрытщІэщи, политикхэр зэщцызыгъэІей Іуэхущ мыр. Мыщэм дыгъужьыр фІэбэлацэщ, жьихуиІэм хуэдэу, лІэщІыгъуэ блэкІахэм нэхъ лъэщу щыта къэралхэм тетыгъуэ щцызыІыгъахэм ягъэхъар иджыпрей политикхэм зэрахъуэныж щхьэкІэ, «геноцид» псалъэм тыншу пхуеувэлІэнукъым. Дунейпсо тхыдэм ягъэ къыщыхъуу аращ европей къэралхэм ящыщу колоние зиІахэм а щІыналъэхэм щыпсэуахэм я нэгу гъэзвэгъуэшхэ зэрыщІагъэкІам езыргъэзыру еувлІэжу.

Илъэситху хъуауэ мы Іуэхум топсалъныкъ Германиемрэ Намибиемрэ. Иджы зэгурыІуэныгъэр хъэзырщ, мы къэралитІым я МИД-хэм я унафэщІхэм Іэ щІадзын ФІэкІа хуэмеижу. Ар зэфІэкІмэ, ФРГ-м и президент Штайнмайер Франк-Вальтер Намибием кІуэнурэ къэралым и парламентым и псэльалІэм тету «къытхуэвгъэгу» жиІэнущ. «Ди нобэрей зэманымкІэ мы Іуэхум уеплъмэ, ар геноцидщи, апхуэдэущ дяпэкІэ къызэрытлъытэнури», - жиІащ ФРГ-м и МИД-м и унафэщІ Маас Хайко. Ауэ Германием идэрхъым яІэщІэкІуэда цІыхущхьэмрэ мылъкумрэ пэкІуэр ипшыныжыну. Абы и пІэкІэ еврэ мелард 1,1-рэ хилъхьэнущ Намибием и мэкъумэш Іэнатіэм, цІыхухэм я псэуп Іэхэм псы ешэлІэным, щІалэгъуалэр Іэщ Іагъэ зэмылІэужьыгъуэхэм хуегъэджэным.

Зи гугъу ящІыр фщІэн папщІэ: Ипщэ - КъухьэпІэ Африкэр Германием и колониеу щыщытам, гущІэгъуншэу зэтраукІат 1904 гъэм зыкъэзыІэта лъэпкъэр. Абы щыгъуэм яІэщІэкІуэдащ, гъэрыпІэм илЫхьащ цІыху мин 80.

ИпэІуэкІэ хъыбар фхуэтІуэтауэ щытащ европей къэралхэм лІэщІыгъуэ блэкІахэм яхъунщІа щІыпІэхэм кърашахэмкІэ ягъэбел музейхэм (псалъэм папщІэ, Голландием, Франджым) щІэпІъэр ахэр зэй лъэпкъхэмрэ къэралхэмрэ иратыжын зэраублар. ЛъэпкъгъэкІуэдым (геноцидым) ириукІытэжу щІадза хуэдэщ иджырей демократэр, пэжыгъэмрэ захуагъэмрэ ялъ изыгъэщ политикхэмрэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэмрэ. Мы Іуэхур узыгъэгуфІэщ, залымыгъэ зэрызэрахьам апхуэдиз илъэс дэкІыжауэ евэлІэжьыну ЛыгъэщІ яхуирикъуащІ. Германием и щапхъэм ириклуэн хуейхэр зэрымымащІэм тепщыхьмэ, къыкІэпыкІуэу сыт хуэдэ къэралым и щІэблэу пІэрэ я адэжьхэм ягъэхъам теухуауэ «къытхуэвгъэгу» жызыІэну хьэзырыр?

● Фщ Іэн папщ Іэ

И пІалъэр имыкІ щІыкІэ

Дызэрыт мазэм еух «Мир» картэмкІэ пенсэр къаІэрыхьэным хуэкІуэным хухахауэ щыта пІалъэр. Бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ банккэм нэгъуэщІ картэхэм иралъхьэжьыфынукъым пенсэр, сабий зыгъуэта анэм ират ахъшэр, къэралыр мазэ къэс цІыхум къызэрыдэІэпыкъу пособиер.

НЭГЪАБэ иджы хуэдэ пІалъэм ехъулІэу «Мир» картэм хуагъэкІуэн мурад яІат, ауэ уэ зэрыщІалэм и зэранкІэ а Іуэхур зэрамыгъэтІылъэкІыу хъуакъым.

Урысейм и Банк Нэхъыщхьэм и унафэ щыІэщ щыналъэхэм щыІэ банкхэм «Мир» картэр пенсэм щыснэн Іэгагъэхьэн хуейуэ. Ар къыфІэрихьэмэ, абы и реквизитхэр Пенсэ фондым евгъэхьын хуейщ, къэрал хуэІухуэщІэхэр щызэфІах портальр е ПФР-м и сайтым щывІэ «личный кабинет»-р къэвгъэсэбэпу.

Пенсэм щысхэм я нэхьыбэр «Мир» картэм хуэкІуащ, 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щыщІэдзауэ апхуэдэ картэ фІэкІа ятыжыртэкъыми.

НэгъуэщІ Іэмали щыІэщ. Пенсэр фи почтальоным Іэрыпхъэу къыкІэпыкІуэу сыт хуэдэ къэралым и щІэблэу пІэрэ я адэжьхэм ягъэхъам теухуауэ «къытхуэвгъэгу» жызыІэну хьэзырыр?

● Гулъытэ

Зауэм зи сабиигъуэр хиубыдахэр

Ставрополь крайм етІанэгъэ къыщыщІэдзауэ сом мини 2-кІэ нэхъыбэ щыхъунущ зауэм зи сабиигъуэр хиубыдахэм ират ахъшэр. 2018 гъэ лъандэрэ апхуэдэ гулъытэ хуащІ а щІыналъэм щыпсэу нэхъыжьхэм.

- ЗАУЭМ сабиигъуэр зыІихахэм дадэІэпыкъуныр ди къалэнщ икІи тхуэзэфІэкІ абыхэм яхуэтщІэн хуейщ, - жиІащ губернатор Владимир, крайм и депутатхэм Зэрызахуигъаззм къыхигъэщу. Абы Финансхэмкіэ министерствэм унафэ хуищІащ нэхъыжьхэм ират ахъшэм сом мини 2 етІанэгъэ дыщІагъэну. Иджы ар сом мини 7 хъунущ.

Зауэм зи сабиигъуэр хиубыдауэ къалъытэр 1945 гъэм фокІадзм и 3-м балигъ ныжькъым нэмысахэращ.

Крайм щыпсэу цІыху мини 155-м нэгъабэ ираташ апхуэдэ ахъшэ.

Урысей Федерацэм мы Іуэхум зы унафэ щІэкъым - хэгъэгухэм я зэфІэкІым елъытауэ пенсэм хущІагъуэ е пось, газ, уэздыгъэ уасэхэр хуагъэмащІэу аращ. Ставрополь крайм хуэдэу ахъшэ щрати щыІэщ, ауэ ахэр куэд хъуркъым, иратымкІи хуабжьу зэщхьащІэкІ (сом 420-м къыщыщІэдзауэ сом мини 7-м нэс).

СызэреплъымкІэ, захуагъэкъым къэралым и пщэ дилъхьэжу, ди нэхъыжьхэм зэхуэдэ гулъытэ зэрамыгъэтар. Ахэр щыпсэу республикэм, областым, крайм я кулеягъ-кулейсызыгъэм елъытауэ щытын хуейкъым мы Іуэхур. Зауэм щыгъуэ ахэр псори зэхуэдащ я щыгъын, я шхын зэрыхуэныкъуамкІи, нэхъыбэм я адэжьм къызэрамыгъэзэжамкІи, я къарум къихьанкІэ хуумыгъэфэщэн лэжьыгъэ ящІэу зэрыщытамкІи.

Зауэм текІуэныгъэ къыщызыхьаэм ящыщу мащІэ дыдэщ къэнэжар. Абыхэм къэралым хуэзфІэкІ яхуищІауэ, хуэгъэфІэжауэ тхуэжьІэнукъым, ди жагъуэ зэрыхъунщи. АтІэ, сыту фІыт зауэм зи сабиигъуэ хиубыдахэм защІигъэхъуамэ. Ущлалэу ерагъыущ уэзэрыпэлъэщыр иджы щыІэ уасэхэм. Пенсэр сытым хуриклъну? Сабиигъуи зимыІа, я егъэзыхьигъуэми тыншигъуэ зымылъэгъуа ди нэхъыжьхэр, уеблэмэ а яІэ мащІэмкІэ ядоІэпыкъу я щІэблэм. Ахэр тхьэусыхэркъым, яІэу есакъыми, ауэ дэ тльагъуркъэ?!

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

● Ди къалэхэр

Псэм дыхьэ щІыпІэ

Социологхэр цІыхухэм яхэупщІыхьащ ди къалэхэм ящыщу псэм нэхъ зыщигъэпсэхуу, зэІузэпэщу къалъытэм теухуауэ.

ЯПЭ ирагъэщащ яхэтщ Ставрополь, Краснодар крайхэм я къалэкурортхэр. ЩІыпІэ дахэхэр Урысейм кІобэкІ, ауэ зыбгъэпсэхуным сыт и лъэныкъуэкІи хуэхъэзырхэр мащІэщ, аращ а щІыпІэхэм я санаторэхэмрэ унэрэ-фэтэру щащэмрэ нэхъ лъапІэ щІэхъури. А Іуэхур щІигъэхуэбжащ коронавирусми: я лэжьыгъэр унэм щІэсу зэфІэзыгъэкІыфхэм Іуэхущ ІапІэм яГъэзэжыну хуейкъым, абыхэм ящыщ куэд ди къэралым, уеблэмэ нэгъуэщІ къэралхэм я щІыпІэ хуабэхэм Іэпхъуащ, я улахуэр къыщахь Іуэхущ ІапІэр къаззрыщыгугъ лэжьыгъэр Интернетымкіэ зэфІагъэкІыу.

Иужьрей зэманым дэ куэдрэ зэхьдох Краснодар, адыгэхэр Бжьыдыгъу къалэкІэ зэджэу щытам, лэжьапІэ къалъыхъуэу, абы щыпсэуну хуейуэ къэІэпхъуэхэм я бжьыбэм кІуэ пэтми зэрыкъэхуэр. ЗэрыжаІэщи, «щыджан пощтым» нэхъ хьыбарегъащІэ Іэмалыфі щыІэкъым. Къалэм и цІэр игъэІун хуэзфІэкІащ яІэр зэІузэпэщ зэращІым, цІыхум и тыншыгъуэм сыткІи тещІыхьауэ яуха уэхьблэщІэхэм.

● Спорт бэнэкІэ

Бухарест и медалхэр

Румынием щекІуэкІащ алыдж-урым, бэнэкІэ хуитымкІэ ныбжьыщІэхэм я дунейпсо зэхьэзэхуэр. Парвулеску Дмитрийрэ Йорга Василерэ я фэепльэ зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ бэнакІуэхэм ехъулІэныгъэ щызыІэрагъэхьащ.

ЗИ ХЬЭПЛЪАГЪЫР килограмм 74-м нэблагъэхэм я зэпэщІэтыныгъэр фІы дыдэу езыгъэжьа Хьэтанэ Идар финалым къыщыпэщІэхуащ хэгъэрей бэнакІуэр. Ари хигъащІэри ди спортсменым зэхьэзэхуэм и дыщэ медалыр зыІэригъэхьащ.

Килограмм 82-м нэблагъэ алыдж-урым бэнакІуэ Гъэныбэ Іэуес кІэух зэІущІэр 5:5-уэ иригъэхуащ, ауэ къыщыхагъэщІауэ къалъытащ, иужьрей баллыр фІахьати. Абы къефІакІащ Нидерландхэм щыщ Стеркенбург Марсель икІи адыгэ щІалэм дыжьын медалыр къыхуагъэфэщащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Футбол

ХьэщІэхуэфІ бысымхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатми и зи чэзу джэгугъуэр щэбэтымрэ тхъэмахуэмрэ зэхэтащ. Абы бысымхэр хуабжьу щыхьэщІэхуэфІу къыщІэкІащ.

ЕПЛІАНЭ джэгугъуэм хыхьа зэІущІиблым хьэщІэхэр плІэнейрэ щІеткІуащ, хэгъэрейкэр щынэхъыфІар тІэу къудейрэщ, зым хэт нэхъ лъэщми щахуэзэхгъэкІакъым. Абы къегъэлъагъуэ республикэм и чемпионатым хэт командхэм я нэхъыбэр дэнэ щыджэгуми кІыззэриимыкІуэтыр - аращ зэхьэзэхуэр удэзыхьэх зыщІри.

ХьэщІэхуэфІ бысымхэм яхуэзахэм ящыщщ мыгъэрей зэпеуэм бжьыпэр щызыубыда испьэмейдэсэхэр. Абыхэм я командэр Старэ Шэрэдж къуажэмэ щытепщащ икІи хуэфащэ дыдэу очкоищу иІыгъуэ къыдэкІыжащ.

«Ислъэмейм» зыкъыкІэримыгъэхуну хущІокъу «Кэнжэри». Ар Нарткъалэ щытекІуащ, сыт щыгъуи ерыщу ныкъуакъуэ, ауэ къыхагъащІэ зэпыт «Нартым».

Зы очкои зэрыфІэмыкІуэдам хуэдэщ «Тэрчыр». Джылахъстэнейжэм хьэщІагъ Іэпкъэ къыщрахакъым Хьэтіохъущыкъуей жылэжьым икІахэм икІи бжьгъэшхэкІэ къыхагъащІэри, къаутыпщжащ.

Зэрызэхьэшхуэ щекІуэкІащ Урыху къужэмэ. Псыгуэнэу къикІахэр ерыщу хэгъэрейхэм япэщІэтащ, топиплІи я гъуэм дагъэкІащ. АрщхьэкІэ урыхудэсхэр нэхъ гуащІэжу къыщІэкІащ.

Шэджэм и закъуэщ лъэныкъуэхэр мамыру щызэбгъэдэкІыжар. Абы «Шэрджэсымрэ» Тырныауз и «Эльбрус»-мрэ топ щырыщІкІэ щызэхъуэжащ.

«Энергетик»-мрэ «Родник»-мрэ я зэІущІэр хуабжьу удэзыхьэх зэрыхъунум шэч хэлътэкъым. АрщхьэкІэ ар ягъэІэпхъуащ, республикэм и нэгъабэрей зэхьэзэхуэм щытекІуа прохладнэдэсхэр Урысей Федерацэм футболымкІэ и ещанэ дивизионми зэрыщыщІэгъум къыхэкІыу.

Турнир таблицэм и кІэух увыпІэхэм зэхъуэкІыныгъэ гуэри щыщыІэкъым, Бабугент и «ЛогоВАЗ»-м япэ текІуэныгъэр мыгъэрей зэпеуэм зэрыщызыІэригъэхьар къыумылъытэмэ. Ар иджыри къэс яхузэфІакІакъым Аруан щІыналъэм щыщхэу «Псыгуэнсум», «Нартым» «Шэрэджым», Дзэлыкъуэ куейм и «Малка»-м, Налшык и «Спартак-Д»-м.

Адэкіэ щыгъуазэ фхуэзэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм къикІуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Шэрэдж»** (Старэ Шэрэдж) - **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **1:3**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **0:1**, **«Малка»** (Малкэ) - **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **0:1**, **«Урыху»** (Урыху) - **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **6:4**, **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **2:3**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Хьэтіохъущыкъуей»** (Хьэтіохъущыкъуей) - **4:1**, **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **«Эльбрус»** (Тырныауз) - **3:3**.

«Энергетик» (Прохладнэ) - «Родник» (Псынэдахэ) зэІущІэр ягъэІэпхъуащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2021 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Ислъэмей»	4	4	0	0	13-4	12
2. «Кэнжэ»	4	3	1	0	9-4	10
3. «Тэрч»	3	3	0	0	10-2	9
4. «Урыху»	4	3	0	1	14-8	9
5. «Родник»	3	2	1	0	14-2	7
6. «Шэджэм-2»	4	2	1	1	6-7	7
7. «Энергетик»	3	2	0	1	6-3	6
8. «Хьэтіохъущыкъуей»	4	1	0	2	11-11	6
9. «Шэджэс»	4	2	2	1	9-11	5
10. «ЛогоВАЗ»	3	1	1	1	5-7	4
11. «Эльбрус»	4	1	1	2	7-15	4
12. «Спартак-Д»	4	0	2	2	2-5	2
13. «Псыгуэнсу»	4	0	1	3	6-16	1
14. «Малка»	3	0	0	3	1-5	0
15. «Нарт»	4	0	0	4	10-15	0
16. «Шэрэдж»	3	0	0	3	3-15	0

ТыгъэфІхэр хуащІ

Къулъкъужьи Ипщэм дэт курыт школ №2-м щаухуащ ГТО-м и мардэхэр щат физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ ут.

АПХУЭДЭ ухуэныгъэр Бахъсэн щІыналъэм щыпэщ. Ар спорт Іэмэпсымэ нэхъыфІхэмкІэ къызэрагъэпэщащ. ГТО-м ехьэлІауэ нобэ зекІуэ мардэхэм Іэпкъгъэпкъыр зэрапсыхь лэужьыгъуэу 13 хеубыдэ: къэжьхыхьи, лъэн, нэщанэ еуэн, нэгъуэщІхэри. Абыхэм ящыныкъуэхэр Іэмал имыІэу тын хуейм хеубыдэ, езыхэм нэгъуэщІ дыщІагъунуми къалэрыуэныкъым. Къуажэдэсхэр икъуэкІэ зыщыгуфІыкІа утыр физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ нэхъыбэ дегъэхьэхьыным теухуауэ яубзыхуа къэрал программэм щыщщ.

Апхуэдэщ «Демография» лъэпкъ проектым хиубыдэу Псыхъурей щаухуа спортзалри. Абы и инагъыр метр зэбгъуэнатІэ 1000-м щІегъу. Іуэхущ ІапІэм щылэжьэнущ бэнэкІэ хуитымкІэ, дзюдомкІэ, самбомкІэ секцэхэр. КъымыдэкІэ, пэшым щІэтынущ теннис щыджэгун стІолхэр, тренажёр зэмылІэужьыгъуэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

● Узыншагъэ

Хэгъэзыхь щымыІэми...

Коронавирусым зэрыпэщІэт хущхъуэ щыІэ зэрыхъуар дызыщыгуфІыкІынщ, цІыхуцІэ зиІэр зыкІи зыщымыгъуазэ уэ зэрыщІалэр къызэрагъэувыІэнур щамыщІэм дызэрыгузэвар тщыгъупщэжьи хуэдэу, зэман дэкІакъыми. Уеблэмэ а узыр зыщыІыпІи кІуакъым: къызэуалІау яхуэгъэхъужэхэр, къахуэмыгъэлэхэр щыІэщ. Нэхъ мащІэ хъуар пэжщ. Абыкіэ сэбэп хъуагъэнущ жьы къабзэм нэхъыбэрэ дызэрыхэтри уэ зэрыщІалэм зэрызыщытхъумэ Іэмалхэр деса-десауэ къызэрыдгъэсэбэпри.

ДОХУТЫРХЭМ жаІэ ди цІыхухэм я процент 70-м вакцинэхэм яз зыхрагъэІун хуейуэ, ар тщхьэщыкІын папщІэ. Ауэ ар зымыди, езыр хэмыту процент 70-м зыхрагъэІуным щыгугъи, вакцинэмкІэ цІыхухэр яГъэлІэн Іуэху зэрахуэу жызыІэхэм яГъэщтахэри щыІэщи, Іуэхур псынщІэу кІуатэркъым. Ди гупсысэкІэм зимыхъуэжмэ, дысымаджэуэрэ «зэщІэгъэуІуа иммунитетым» дынэсыращ къэнэжьр. Зы дохутыр цІэрыІуэм зэрыжиІащи, мастэ зыхалъхьэным къыхуебджэным нэхърэ, хьэлъэ дыдэхэр зыщІэлъ сымаджэщым щытраха теплъэгъуэ телевизоркІэ къэбгъэлъагъуэмэ нэхъ зыхащІэнущ Іуэхум джэгу зэрыхэмылъыр.

Узыншагъэр хъумэнымкІэ министру щыта Скворцовэ Вероникэ зэрыжиІэмкІэ, коронавирусыр тыншу зыщІэкІахэми лъынтхуэ, неврологие уз хьэлъэхэр иужькІэ къахуэкъокІ, ныкъуэдыкъуэ ищІри мымащІэу.

ЗэрытщІэщи, ди закъуэкъым вакцинэм щыщынэр. НэгъуэщІ къэралхэм Іэмал гуэркэм щыхуэокІуэ цІыхуэхэр трагъэгушхуэн папщІэ. Хэти ахъшэ яритыну, хэти пивэ яхуигуэшыну хьэзырщ, поликлиникэм къекІуалІэ къудеймэ. Израилым и цІыхухэм я процент 60-м мастэ зыхрагъэльхьащ. Ар зымыдэхэм едауэркъым, лэжьапІэми Іуахуркъым: ахъшэ къыпэмыкІуэу зывгъэпсэхуу унэм фыщІэс, жаІэри яутІыпщыж. Унэм къудрэущІэсин, упсэун хуейкъэ? Араш мастэ зыхезыгъэльхьаэр щІэкъуэдри, уеблэмэ нэкІуІулъыр зыІуамылъхьэжми хьуну я Іуэхур абы нагъэсыфащ. Дэри Москва и щапхъэ диІэщ: мастэ зыхезыгъэІуа пенсионерэм сом мин зырыз ират.

Хабзэ щыІэкъым вакцинэр Іэмал имыІэу зыхебгъэльхьэным урихуІэну. Апхуэдэу щыщыткІэ, дэтхэнэми и щхьэ и унафэ ищІыжыну хуитщ. Нэхъыщхьэр къэралри дунейри гужьеигуэм къызэрикІарщ, цІыхур «щІэзыхьыкІ» уэ зэрыщІалэм зэрыпэщІэтыну щыкІэр нэхъ убзыхуэ хъуунэ.

Апхуэдэ ди гъащІэм къыхэмыхуэжыну гугъэ уэзыгъэщІщ Роспотребнадзорым и унафэщІ Поповэ Аннэ Федерацэмкіэ Советым «Правительствэм и сыхьэтым» хиубыдэу къыщыщыпсэлъам жиІар. Абы екъулІэныгъэшхуэу къыгъэлъагъуащ цІыхур зэи зыІуМуяуэ уз зэрыщІалэ къежьэмэ, мазиплІим кІуриубыдэу хущхъуэ къыхуагъэтыным ди щІэныгъэлІхэр зэрыкуэжьэзыр. Ар зи фІыщІэр ныр зэрадж Іэмалхэр зэрефІакІуэрщ.

Поповэм нэгъуэщІ екъулІэныгъэхэми я гугъу ищІащ. Псалъэм папщІэ, уэзыфэ къежьар зыхуэдэмэр ар къызэуэлІагъэнкІэ хъунур къэхутэнымрэ махуиплІщ ирагъэхьынур дяпэкІэ. Абы щхьэкІэ сымаджэхэм ирагъэтыну анализхэмрэ тестхэмрэ къэралым зы жыпхъэм щрагъэувэнущ. Коронавирусым къигъэльэгъуащ усымаджэу гурыщхъуэ къыщыпхуащІкІэ угъэт тестхэм, «антитела» жыхуаІэр зыхуэдизыр къызэрахутэм мыгурыІуэгъуэ куэд зэрыхэлъыр.

Гу лъытапхъащ мы Іуэхурм. УнафэщІым жиІащ 2030 гъэм ирихьэлІэу центритІ къызэзгъэзэІуахынур, биошынагъэшынагъэмкІэ Іэщ Іагъэлэ І мин 20 абыхэм зэрыщагъэхьэзырынур.

Поповэ Аннэ жиІащ «Санитарный щит» зыфІаща зы базэ къызэрызэрагъэпэщащ. Абы иратхэнущ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм цІыхухэм я узыншагъэм егуауэу сыт щыІэми. Апхуэдэщ щІыуэпсыи и щытыкІэри. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщащи, узэхэм я процент 15 - 35-м щхьэусыгъуэ яхуэхъур дыкъэзыухъуреихь дунейр зэрыдуцІэпІаращ. КІэщІу жьпІэмэ, щІыІэщ дызэгупсысын, дызытес къудамэр пыдмыупщІыжынымкІэ теухуауэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5,ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хунтІыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыпатъэ Іуэхущ Іапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П5894
Тираж 1.927
Заказ №1257